

# EPIZÒD: PATRIMWÀN

## MO JODI A: PATRIMWÀN

### REZIME EPIZÒD LA



Tilou ak Lili bati yon Palè ak 7 pòt dapre enspirasyon Palè 365 pòt la ki nan Latibonit. Lè yo bati palè a, yo aprann enpòtans imajinasyon, kreyativite, travay ann ekip, pèseverans ak travay enjenyè.



Yon ti gason ede papa li. Papa li se yon gid vwayaj ki montre touris Lasitadèl Laferyè. Ti gason an renmen dekouvri fòm jewometrik nan moniman an e li renmen bati anpil bagay.



Lè Samyèl ede grann li fè lesiv , li gade nan desen kim savon yo. Avèk èd grann li, li imagine l ap vwayaje nan diferan kote ann Ayiti: Lasitadèl Laferyè, Basen Ble, Masif Lawòt, Gwòt Mari Jàn ak Nèg Mawon.

### POZE ELÈV OU YO KESYON

1. Ki sa ki te pase nan Lakou Kajou jodi a ?
2. Ki sa ou te pi renmen ? Pou ki sa ?
3. Èske Lili ak Tilou te aprann yon bagay jodi a ?
4. Nan epizòd la, nou te wè yon ti gason nan Lasitadèl. Ki sa ou sonje sou Lasitadèl ?

# FÈ AKTIVITE AK ÈLEV OU YO

## 1. Jwèt konsantrasyon

Aktivite sa a amelyore konsantrasyon elèv ou yo. Si nou gen imaj moniman yo, li ta bon pou nou afiche yo nan lekòl la pou ede timoun yo sonje yo e fè desen yo.

**Etap 1:** Mande chak elèv desinen de moniman , chak sou yon paj. Pou chak moniman, ou pral bezwen elèv yo desinen de(2) kopi menm moniman an, chak sou yon paj separe.

**Etap 2:** Ranje paj yo atè a, fas an ba, poupaj sa yo fè yon griy kadriyaj. Si gen sis Moniman ou ta gen 12 desen (2 pou chak moniman), mete yo an 3 ou 4 ranje. (Ou gen yon total sis moniman.)

**Etap 3:** Mande elèv yo rasanble bò kadriyaj la pou jwe jwèt konsantrasyon an. Chak elèv ap ranmase 2 paj pou eseye jwenn pè ki menm yo.

**Etap 4:** Kòmanse ak yon sèl elèv. Mande elèv la pou li chwazi de(2) paj epi pou li vire . Fò elèv la eseye jwenn 2 ki menm moniman an.

**Etap 5:** Si elèv la jwenn 2 moniman ki menm, elèv la ta dwe retire pè a nan griy la. Si li pa jwenn 2 parèy, elèv la ta dwe vire tou de paj yo fas an ba ankò. Apre sa a, se tou pa yon lòt elèv ki pou devine yon pè.

**Etap 6:** Jwèt la fini lè tout pè yo te matche.

Men kèk Moniman sijere ke elèv ou yo ka desinen:

*Palè San Sousi, Sitadèl Laferyè, Fò oje, Palè 365 Pòt, Masif Lawòt, Gwòt Mari Jàn, Nèg Mawon, Fò Jak (Fèmat), Fò Mafrann (Jeremi), Fò Platon (Okay), Fò Libète, Gwòt Anakawona, Lakrèt a Pyero (Ti Rivyè Latibonit), Pak Matisan.*

## 2. Jwèt Devinèt

Bay elèv yo yon deskripsiyon epi mande yo devinen ki moniman li ye . Kòmanse avèk: "M ap panse a yon moniman ki ..." ...se yon wa ak fanmi li ki te batili. (Palè San Sousi)

...se yon gwo fò ki nan nò Ayiti. (Lasitadèl Laferyè)

...se yon ti fò nan Sid Ayiti. (Fò Oje)

...se yon moniman ki gen anpil anpil pòt. (Palè 365 Pòt)

...se yon forè plen ak anpil diferan plant ak bèt ke yo jwenn sèlman ann Ayiti (Masif Lawòt)

...se yon kote an wòch ki gen bèl koulè (Gwòt Mari Jàn)

...Se eskilti yon nonm ki kenbe yon lanbi (Nèg Mawon)

...Se yon bèl kaskad. (Basen Ble)

**Remak:** aktivite sa pi efikas si ou gen on foto moniman yo pou montre elèv yo pandan w ap jwe jwèt la.

## 3. Trase pwòp moniman ou

Egzèsis sa a amelyore kreyativite ak imajinasyon elèv yo.

Mande elèv yo pou yo desine oswa konstwi pwòp moniman pa yo (avèk ti bwa, ajil, papye oswa lòt materyèl).

Gen kèk kesyon pou nou mande elèv yo pou planifye moniman yo:

Ki sa moniman sa a reprezante ? Pa egzanp: yon siksè pèsonèl / tradisyon familyal / evènman komunitè, nasyonal, mondal)? Èske moniman an gen kèk senbòl (tankou lanbi nan Nèg Mawon)? Si ou gen yon senbòl, ki sa li vle di?